**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ**

**Улыўма орта билим бериў көлеминде Экстернат тәртибинде жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестация өткериў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасының «Билимлендириў ҳаққында»ғы Нызамы ҳәм де «Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы», Министрлер Кабинетиниң 1998-жыл 13-майдағы «Өзбекстан Республикасы улыўма орта билим бериўди шөлкемлестириў ҳаққында»ғы 203-санлы ҳәм Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигинде 2015-жыл 11-майда 2670-сан менен дизимге алынған Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2015-жыл 13-апрельдеги «Экстернат ҳаққындағы Режени тастыйықлаў ҳаққында»ғы 9-мҳ-санлы буйрығының қосымшасы менен тастыйықланған Режениң 2-бап 6-бәнтинде ҳәр жылы 1-март сәнесине шекем аттестация өткериў ушын Республика орайында жайласқан бир мектепти белгилеў ҳаққындағы тапсырмаларын, сондай-ақ 2018-жыл 15-ноябрьдеги 13-мҳ-санлы «Экстернат ҳаққындағы Режеге өзгертиўлер ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында»ғы буйрығын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигинде 2015-жыл 11-майда 2670-сан менен дизимге алынған Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2015-жыл 13-апрелдеги «Экстернат ҳаққындағы Режени тастыйықлыў ҳаққында»ғы 9-мҳ-санлы буйрығының қосымшасы менен тастыйықланған Режениң 2-бап 6-бәнтинде ҳәр жылы 1-март сәнесине шекем аттестация өткериў ушын Республика орайында жайласқан бир мектепти белгилеў ҳаққындағы тапсырмалары, сондай-ақ 2018-жыл 15-ноябрьдеги 13-мҳ-санлы «Экстернат ҳаққындағы Режеге өзгертиўлер ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында»ғы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлиминиң 2021-жыл 26-февральдағы 01-01/8-579-санлы усыныс хатын инабатқа алған ҳалда 2020-2021-оқыў жылы жуўмағында экстернат тәртибинде жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестацияны өткериў ушын Нөкис қалалық 38-санлы улыўма орта билим бериў мектеби белгиленсин.

**3. Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими (М.Асеметдинов) не:**

- 2021-жылдың 3-май сәнесине шекем экстернат тәртибинде жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациядан өтиў бойынша келип түскен арзалар (дизим менен бирге) саны ҳаққында мағлыўматларды улыўмаластырыў;
- 2020-2021-оқыў жылы жуўмағында экстернат тәртибинде жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестацияны Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 38-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде тийисли тәртипте өткериў жумысларын муўапықластырып барыў;

-мектеп директорының экстернат тәртибинде жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестация есабатларын қабыллап алған күннен баслап 2(еки) жумыс күни ишинде экстернат тәртибинде өткерилген жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациялары нәтийжелери ҳаққында мағлыўматларды улыўмаластырып, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине толық жазба мағлыўмат бериў ўазыйпасы жүклетилсин.

4. **Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими (П.Ақназаров) не:**

- қалалық 38-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде экстернат тәртибинде жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестацияны өткериў ушын барлық қолайлы шараятларды жаратып бериў ўазыйпасы тапсырылсын.

5. **Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 38-санлы улыўма орта билим бериў мектеби (З.Қутыбаева) не:**

- «Экстернат ҳаққында»ғы Режениң 2-бап 7-бөлиминде белгилеп қойылғандай **2021-жыл 1-май күни саат 18-00 ге шекем** экстернат тәртибинде имтихан тапсырыўшы пуқаралардың арзаларын қабыллаў жумысларын шөлкемлестириў;

- **2021-жылдың 2-май күни саат 10-00 ге шекем** экстернат тәртибинде жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациядан өтиў бойынша түскен арзалар (дизим менен бирге) саны ҳаққындағы;

- Экстернат тәртибинде жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестация тамам болған күннен баслап 3(үш) жумыс күни ишинде экстернат тәртибинде жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациялары нәтийжелери ҳаққындағы мағлыўматларды министрликтиң Улыўма орта билим бериў мектеплери **жумысларын муўапықластырыў бөлимине** тапсырыў ўазыйпасы тапсырылсын.

6. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдин 1-орынбасары А.Худайбергеновқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл 02- Март
49 - санлы